



Asirans sante abòdab. Swen de kalite.



Si ou bezwen èd pou jwenn epi kenbe lojman w, ou ka kalifye pou resevwa èd **GRATIS** nan Pwogram Sipò Lojman NJ FamilyCare la

Kisa Pwogram Sipò Lojman an ye?

Pwogram nan ede moun tout laj ki gen NJ FamilyCare (Medicaid) ki gen yon bezwen lojman ak yon pwoblèm sante konekte ak yon ajans lojman pou:

- Jwenn yon kote pou viv
- Demenaje nan lojman
- Rete nan lojman ou
- Fè chanjman nan lojman ou pou amelyore sante w

Ki moun ki ka jwenn sèvis sa yo?

Moun tout laj ki gen twa bagay sa yo:

- 1) NJ FamilyCare (Medicaid)
- 2) Yon pwoblèm sante
- 3) Yon bezwen lojman



Kisa yon pwoblèm sante ye? Sa yo enkli men yo pa limite a -

- Maladi kè, kansè, dyabèt, oswa pwoblèm ren
- Pwoblèm sante mantal
- Twoub itilizasyon sibstans
- Gwosès
- Andikap devlopman
- Vizit lopital repete oswa itilizasyon sal dijans

Kisa ki yon bezwen lojman? Sa yo enkli men yo pa limite a -

- Ou san kay
- Ou ka pèdi lojman ou byento
- Ou a risk pou antre nan yon mezon retrèt oswa yon enstitisyon akòz lojman ou.
- W ap kite yon mezon retrèt oswa yon pwogram twoub mantal oswa adiksyon
- Ou te fèk nan gadavi oswa nan prizon

Èske pwogram nan peye pou lwaye?

Pwogram nan pa peye lwaye w, men li ka ede w jwenn resous pou peye lwaye w oswa jwenn yon kote ki pi abòdab pou w rete.

Pou w konnen si w ka resevwa sèvis sa yo,
kontakte Òganizasyon Jesyon Swen NJ FamilyCare (MCO) ou a:

Aetna
1-855-232-3596

Fidelis
1-866-309-8447

Horizon
1-800-682-9090

United
1-800-941-4647

Wellpoint
1-855-661-1996

